

# Enfòmasyon sou Peman Anplis Asistans Reyaplwa



## Apwopo Peman Anplis:

Peman anplis ka rive sou kont ou a nenpòt ki lè. Peman anplis gen dwa se akoz yon èrè, malantandi, èrè teknik, redetèminasyon, desizyon, desizyon sou yon apèl, òdonans Komisyon Apèl sou Èd Reyaplwa, desizyon tribinal oswa lòt ka enprevi.

Lè Depatman Opòtinite Ekonomik Florid (DEO) detèmine ke gen yon peman anplis nan yon reklamasyon pou Asistans Reyaplwa, yo pral voye yon Avi Detèminasyon bay reklaman. Avi Detèminasyon an pral fè konprann ke reklaman te resevwa yon peman ke li pa ta dwe resevwa epi li dwe ranbouse kantite lajan sa a. Reklaman an gen dwa pou depoze yon apèl kont Avi Detèminasyon an.

## Retounen Peman Anplis Asistans Reyaplwa a:

Ou gen plizyè opsyon sou fason ou ka ranbouse peman anplis la. Opsyon sa yo nan lis anba a:

- **Peman avèk Chèk** - Tanpri poste peman an nan adrès ki anba a. Tanpri fè chèk la sou non Depatman Opòtinite Ekonomik Florid epi mete nimewo ID reklamasyon w lan sou liy memo a.

The Department of Economic Opportunity  
Benefit Payment Control  
P.O. Drawer 5050  
Tallahassee, FL 32314-5050

- **Peman avèk Kat Kredi** - Ou gen opsyon pou ranbouse peman anplis ou yo sou entènèt avèk yon kat kredi. Tanpri ale sou lyen ki anba a epi swiv enstriksyon yo pou peye peman anplis ou a avèk kredi kat.  
<https://ucoverpayments.floridajobs.org/DefaultCreole.aspx>

## Kòman pou Retounen Peman Anplis pou Asistans Reyaplwa Federal yo:

Pou retounen peman federal yo, tanpri swiv opsyon ki endike anwo yo pou reapeye tout peman anplis ou panse ou te resevwa sou kont ou a.

## Enfòmasyon Sipleman:

Tanpri pèmèt plizyè jou ouvrap pou nou resevwa tout ranbousman yo ak pou nou ka aktyalize enfòmasyon yo. Pou plis enfòmasyon sou peman anplis yo oswa pwosesis Asistans Reyaplwa yo tanpri ale [FloridaJobs.org](https://FloridaJobs.org). Sou sit entènèt sa a, wap jwenn yon [Gid Resous pou Asistans Reyaplwa](#) pou ede w reponn kesyon w ta genyen konsènan kont ou a. Ou ka rele tou Sèvis Kliyantèl Asistans Reyaplwa a nan Depatman Opòtinite Ekonomik nan 1-833-FL-APLIKE (1-833-352-7759).